

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis panalungtikan modél *Debate* pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka saméméh maké modél *Debate* nya éta kurang nyugemakeun, hal ieu katitén tina hasil pretés masih loba siswa anu skorna kurang ti KKM (KKM: 7,2). Siswa anu kurang ti KKM dianggap can mampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita, rata-rata skor anu geus kahontal ku siswa dina pretés nya éta 32,9 kalawan rata-rata peunteunna 6,6.
- 2) Ngaronjatna pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka sanggeus maké modél *Debate* katitén tina hasil postés dina tiap aspék anu dipeunteunna, diantarana (1) aspék hubungan eusi anu dipedar, tina peunteun rata-rata pretés 7,03 ngaronjat jadi 8; (2) aspék Undak Usuk Basa Sunda, tina peunteun rata-rata hasil pretés 6,2 ngaronjat jadi 7,97; (3) aspék gaya nyarita, tina peunteun rata-rata hasil pretés 6,6 ngaronjat jadi 7,6; (4) aspék kalancaran nyarita, tina peunteun rata-rata pretés 7,07 ngaronjat jadi 7,37; jeung (5) aspék adegan basa jeung kabeungharan kecap, tina peunteun rata-rata pretés 6,17 ngaronjat jadi 7,73.
- 3) Aya béda anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita siswa kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka, saméméh jeung sanggeus maké modél *Debate*. Saméméh maké modél *Debate* nya éta 10 % siswa anu geus mampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita jeung 90 % siswa anu can mampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita. Sanggeus maké modél *Debate* pangaweruh

Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

**MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK BASA SUNDA DINA NYARITA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul Majalengka Taun Ajar 2012/2013)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita téh ngalaman ‘peningkatan’, nya éta siswa anu mampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita 87,7 %, jeung 13,3 % siswa acan mampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita. Hal ieu dirojong ogé ku ayana uji hipotésis anu nétélakeun  $t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $19,33 > 2,46$ .

## 5.2 Rékomendasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi pikeun ngaronjatkeun pangajaran nyarita maké Undak Usuk Basa Sunda, hususna ngeunaan modél diajar, téhnik diajar, jeung métode diajar.

- 1) Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan modél anu dipaké dina pangajaran nyarita di kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka, ditétélakeun yén hasilna ngalaman ‘peningkatan’. Ku kituna, anu nyusun miharep modél pangajaran ieu bisa dipaké rujukan pikeun pangajaran nyarita di sakola, hususna di SMP.
- 2) Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Debate* pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa dina nyarita dianggap berhasil. Ku kituna, anu nyusun miharep ieu modél lain ngan saukur dipaké dina pangajaran nyarita hungkul, tapi mungkin bisa dipaké ogé dina pangajaran séjénna.